# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मकर संक्रान्ति पर आजु महाकुंभ नगर में पहिला अमृत स्नान में करोड़ो सरधालु त्रिवेणी संगम पर आस्था क डुबकी लगवले। ठंडी अउर सीतलहरी के बावजूदों भिन्नही साढ़े आठे बजे ले एक करोड़ से बेसी लोगि अमृत स्नान कइ लिहले। तेरह अखाड़न से आइल साधु संतन क जुलुस अउर अमृत स्नानों आजु पूरा दिन्न चलते रहल। सबसे पहिले महानिर्वाणी पंचायती अखाड़ा क साधू संत अमृत स्नान कइलें। हमरे प्रतिनिधि बतउले कि प्रदेस सरकार लगतारे दूसरका दिन्ने हेलीकाप्टर से सरधलुअन पर फूल बरसवलस।

***अखाड़ों के स्नान क्रम को तीन चरणों में बाटा गया। सबसे पहले संन्यासी, दूसरे चरण में बैरागी और तीसरे चरण में उदासीन अखाड़े ने स्नान किया। अखाड़ों का स्नान सुबह सवा छह बजे से शाम लगभग छह बजे तक जारी रहा। श्रद्धालु अपने साथ अविस्मरणीय यादें लेकर वापस जाएं जाए इसे लेकर संगम क्षेत्र में साधु संतों और श्रद्धालुओं के ऊपर हैलीकॉप्टर से पुष्प वर्षा की गई।। प्रवीण मिश्र आकाशवाणी समाचार महाकुंभ नगर प्रयागराज***

दिव्य अउर भव्य महाकुंभ बदे प्रदेस सरकार की ओरि से कइल गइल इंतजाम के लोगि सरहलें। राजस्थान राज्य के जयपुर से आइल रमा आकाशवाणी के बतउलिनि–

***यहां पर सुविधाएं इस बार बहुत अच्छी हैं। बहुत अच्छे से सारी व्यवस्थित करी हुई है सुविधाओं को। कोई भी धक्का मुक्की भी नहीं है। आराम से सब जा रहे हैं आ रहे हैं। और जिसमें करोड़ो श्रद्धालु हैं सब बहुत अच्छे से दर्शन करके बहुत अच्छे से सब अपना अमृत स्नान लेकर के जा रहे हैं।***

महाकुंभ के दुसरका दिन्ने लोगिन के आस्था क कइ गो रंग देखे के मिलल। समाचार कक्ष क एगो खास रिपोर्ट–

**झारखंड से आए श्रद्धालुओं के जत्थे ने सामाजिक और राष्ट्रीय एकता का संदेश दिया। हर हर महादेव और जय श्रीराम के जयघोष के बीच भारत माता की जय और वंदे मातरम जैसे नारे भी लगाए गए। त्रिवेणी संगम में नागा साधु आकर्षण का केंद्र बने रहे। घोड़े पर सवार और पैदल चल रहे नागा साधुओं ने शस्त्रों के साथ अपनी युद्धकला का भी प्रदर्शन किया। बड़ी संख्या में महिला नागा साधु भी अमृत स्नान का हिस्सा बनीं। इस दौरान प्रयागराज, महाकुंभ नगर और आसपास के जिलों में भी सुरक्षा के कड़े इंतजाम रहे। आकाशवाणी समाचार कक्ष से वेद प्रकाश पाठक।**

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि देस अउर दुनिया में महाकुंभ के प्रति जवन आकरसण दिख रहल हवे, ऊ अकल्पनीय हवे। ऊहां के बतउलीं कि पहिला दिन्ने काल्हि पौने दुइ करोड़ लोगि नहइलें। काल्हि पौस पूर्णिमा से सुरू भइल महाकुंभ छब्बीस फरौरी ले चली।

**********

मकर संक्रान्ति क परब पूरा परदेस में हसी खुसी के माहौल में मनावल जा रहल हवे। सरधालु पवित्र तीर्थ स्थलन अउर नदियन में आजु भिन्नहिये से स्नान कइ के पूजा पाठ कइ रहल हवे। प्रदेस में येह तिउहार के खिचड़ी परब के रूप में भी मनावल जाला। गोरखपुर जिला के गोरखनाथ मंदिर में आजु ब्रह्म मूहुर्तवे से सरधालु गुरू गोरखनाथ के आस्था क खिचड़ी चढ़ा रहल हवे। सबसे पहिल गोरक्ष पीठाधीस्वर अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री महंत योगी आदित्यनाथ खिचड़ी चढ़वले। ऊहां के प्रदेसवासियन के मकर संक्रान्ति परब क सुभकामनों दिहलीं।

**इस अवसर पर मैं पूरे प्रदेश वासियों को सभी संतो श्रद्धालुजनों, भक्तों को मंकर संक्रान्ति की हार्दिक बधाई देता हूँ मंकर संक्रान्ति भारत के पावन पर्व और त्योहारों की श्रृंखला का एक ऐसा पर्व है जो जगत पिता सूर्य के प्रति कृतज्ञयता ज्ञापित करने का एक उत्सव है**

बलरामपुर जिला क देवी पाटन सक्तिपीठ अउर महराजगंज जिला के गुरूगोरक्षनाथ मंदिरों में सरधालु दिन भर स्नान कइ के खिचड़ी चढ़वले। अजोध्या जिला में सरधालु पवित्र सरजू नदी में नहा के मंदिरन में पूजा पाठ कइले। ओहा हनुमान गढ़ी मे हनुमान जी के खिचड़ी क भोग लगावल गइल। बनारस के गंगा घाटनों पर बढ़हन संख्या मे सरधालु नहइलें। कुशीनगर जिला क तुर्कपट्टी में सरधालु पुरान सूर्य मंदिरों मे पूजा पाठ कइलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु ससस्त्र बल पूर्व सैनिक दिवस के मौका पर पूर्व सैनिकन के प्रति अभार जतवलें हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री ओह सहीदन के सरधांजलि दिहलें, जवन राष्ट्र के रक्षा बदे आपन जिनगी समरपित कइ दिहलें। पूरबी उत्तर प्रदेस के कुशीनगर जिला में आजु येह मौका पर बीर नारियन अउर पद्क विजेता लोगिन के सम्मानित कइल गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला चारि दिन्न में प्रदेस के कइ गो जगहिन पर घना कुहेसा क धिरवनिया दिहले हवे। पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कुछु जगहिन पर बिहने गरजि चमकि के साथे बरखो हो सकेला।

**********